



Lè **LESPWA** **Tounen** **POUVWA**

De Peyizan Ayisyen
Defann Dwa Pou Gen
Tè Nan Yon Pwosesis
Dyalòg Istorik



Manyòk, youn nan pwodui ki te konn kiltive sou tè yo te pran an. Kredi foto: Marilia Leti / ActionAid

Pèt mwayen sibzistans yo

An desanm 2018, Kolektif Peyizan Viktim Tè Chabè – ki se yon kolektif ki gen ladan I peyizan ayisen ak fanmi yo ki reprezante preske 4000 moun – te siyen yon akò istorik ak Bank entè-ameriken pou devlopman (ki gen ti non BID) epi Gouvènman ayisen pou restore mwayen sibzistans yo. Yo te fòse fanmi yo kite tè yo te konn kiltive an 2011 pou kapab konstwi Pak Endistriyèl Karakòl la (PEK), ki se yon gwo enfrastrikti faktori ki jwenn finansman BID, Gouvènman ameriken ak lòt enstitisyon.

PEK la te konstwi sou 250 ekta tè agrikòl ki pi fètil nan zòn nan. Pwodui yo te konn kiltive avan nan tè sa a te konn sèvi kòm premye sous manje ak revni pou fanmi ki te deplase yo, gen ladan yo ki te konn kiltive tè sa depi plizyè jenerasyon. Yo ret ap tann tè yo te pwomèt yo pandan preske twa lane, aprè sa yo fòse pifò fanmi yo pran yon konpansasyon an kach ki pi piti pase sa tè a vo pou yo. Konpansasyon sa pa t pèmèt yo remete kanpe nouvo mwayen sibzistans, sa

ki lage fanmi yo nan goumen pou rive satisfè bezwen debaz yo.

Akò nou jwenn nan mwa Desanm 2018 la se rezulta plent Kolektif la te depoze devan Mekanis endependan pou konsiltasyon ak envestigasyon (ki gen ti non MICI) ki nan BID, pou mande rann kont ak koreksyon pou domaj deplasman an te koze. Akoz de plent sa te vin gen yon pwosesis dyalòg ki te lanse ant reprezantan Kolektif la, BID ak Gouvènman ayisen, avèk fasilitasyon MICI. Akò a prevwa sipò pou retabli mwayen sibzistans yo nan yon kombinezon solisyon ki gen ladan tè, opòtinite travay, ekipman agrikòl ak fòmasyon epi sipò pou ti biznis.

Pwosesis dyalòg sa ka sèvi kòm modèl pou kominate tou patou nan lemonn ki ap travay pou jwenn solisyon fas a domaj yo sibi akoz envestisman entènasyonal sa a.

Janvye 2010

Ayiti t ap soufri akoz gwo tranblemantè ki te pase a. Nan jefò k ap fèt pou rekonstwi ekonomi peyi a, te gen yon pwopozisyon touswit ki te fèt pou konstwi yon gwo pak endistriyèl nan rejon Nò peyi Dayiti

Jiyè 2011

Konsèy administrasyon BID te apwouve don \$ 55 milyon dola ameriken pou konstriksyon Pak Endistriyèl Karakòl la. BID te kontinye envesti nan pwojè a atravè 5 don ki totalize prèske \$ 42 milyon dola ameriken ak anpil sipò teknik

Avril 2014

Peyizan yo te mete tèt yo ansanm pou fòme Kolektif Peyizan Victim Tè Chabè epi kòmanse dokimante tout domaj fanmi yo te sibi

Janvye-Fevriye 2017

Kolektif la te depoze yon plent detaye devan MICI, pou pwopoze yon dyalòg kòm fason pou rezoud pwoblèm yo. Administrasyon BID te bay yon repons fòmèl a plent sa a

Oktòb 2017-Desanm 2018

Te gen 6 seyans dyalòg (yo chak dire 2 jou) ki te fèt an Ayiti ak reprezantan BID la, Gouvènman ayisen, Kolektif la ak konseye li yo. Nan mitan rankont yo, pati yo te rive jwenn de akò ki pèmèt yo avanse

Fevriye 2019

Egzekisyon an kòmanse. Kolektif, BID ak Gouvènman ayisen te rankontre regilyèman pou sipèvize egzekisyon yo. Se MICI ki kontinye fasilité rankont sa yo

Janvye 2011

Yo te fòse peyizan yo kite tè yo avèk yon avètisman kèk jou sèlman anvan yo te fè sa, sa ki te fè yo pèdi premye sous revni ak manje yo te genyen

2013-2014

Aprè twa lane ap tann tè ranplasman yo te pwomèt la, pifò fanmi yo te resevwa yon ti lajan kach kòm konpansasyon, ki pa t pèmèt yo restore mwayen sibzistans yo

Avril-Jiyè 2016

Kolektif la te ekri Gouvènman ayisen ak BID la pou chache koreksyon, men okenn ladan yo pa t pran mezi pou korije anyen

Mas-Jen 2017

Aprè li fin vizite Karakòl, epi ranmase enfòmasyon atravè rankont ak Kolektif la, BID ak Gouvènman ayisen, MICI te twouve plent lan elijib epi fè konnen gen nesesite pou fasilité dyalòg la e sa dwe kòmanse touswit

Desanm 2018

Aktè yo te jwenn yon akò final. Akò sa te prevwa pou sipòte peyizan yo ak fanmi yo pou remete kanpe nouvo mwayen sibzistans dirab. Nan akò a gen angajman ki pran pou amelyore jesyon global enpak anviwonmantal ak sosyal Pak endistriyèl la, li prevwa tou yon bon jan mekanis pou pote plent



“

Depi nou fin pèdi tè a, se kòm si se men nou yo koupe. Se kòmsi yo te touye nou. Nou lage de bra balanse. Nou pa t ka bay timoun nou manje. Nou pa t ka peye lekòl ptit nou. Nou pa t gen lòt sous revni.

- Eva Jean Baptiste, youn nan lidè Kolektif la

”

Dyalòg ak aktè ki puisan

Ka Karakòl la montre kominote yo ka negosye de akò ki gen anpil fòs ak aktè yo ki puisan, pamì yo bank devlopman yo epi gouvènman ki nan peyi yo ye a. Menm si Kolektif la san dout te fè fas ak dezekilib pouvwa sa a, yo te an mezi itilize pwosesis MICI yo pou etabli kondisyon pou negosye ak aktè ki gen plis pouvwa pase yo. Patikilyèman, pwosesis MICI a te ofri:

- Fasilitatè ki byen fòme e konpetan epi endependan ki te ede aktè yo etabli règ pou yon dyalòg ki fèt ak bon jan volonté, etabli konfyans epi jwenn antant
- Rankont regilye kote se tout aktè yo ansanm ki pèmèt de pwogrè gradyèl te fèt sou de pwoblèm konplèks
- Jwenn aksè a dokiman pwojè yo, tradui yo nan lang peyi a (kreyòl), amelyore transparans, epi
- Mete sou pye yon pwosesis sipèvizon pou rasire angajman ki pran nan akò yo tounen reyalite.

Lidè Kolektif yo ak konseye yo genyen nan kominote a ki rele Milostène Castin (AREDE) travay ansanm pou devlope estrateji pandan pwosesis dyalòg la

MICI: Yon mekanis pou facilite redisyon kont

MICI se yon biwo endependan ki nan BID ki resevwa plent nan men Kominote ki viktim akoz pwojè BID finanse. Se ansanm Direktè Egzekitif Bank lan ki sipèvize travay MICI fè yo. Moun Bank lan k ap jere pwojè yo pa gen okenn kontwòl sou MICI. MICI ka ede kominote yo rezoud preyokipasyon yo genyen nan 2 fason sa yo:

Rezolisyon konfli: Kominote yo ka mande MICI pou li facilite dyalòg ant yo menm, BID, ak/oswa konpayi oswa enstitisyon ki reprezante leta nan pwojè a pou ese耶e jwenn yon solisyon fas a domaj yo pale de yo nan plent lan. Se yon pwosesis volonté epi ki fleksib. MICI rele fòm rezolisyon konfli sa a “Konsiltasyon”.

Envestigasyon: Si aktè yo pa vle patisipe nan dyalòg la oswa si li pa bay rezulta, MICI ka mennen envestigasyon sou

preyokipasyon ki te ekri nan plent lan epi prepare yon rapò sou rezulta yo jwenn yo epi fè rekòmandasyon sou etap BID dwe franchi pou respekte nòm anviwonmantal ak sosyal li yo. Se Konsèy Administrasyon BID ki gen pou pran desizyon final sou etap Bank lan dwe franchi. MICI rele envestigasyon sa a “Revizyon Konfòmite”.

MICI se pa sèl enstitisyon ki egziste ki fè travay sa a. Anpil lòt enstitisyon nasyonal ak entènasyonal ki ap finanse pwojè devlopman gen “mekanis redisyon kont” pa yo. Mekanis redisyon kont tankou MICI ka sèvi kòm yon zouti enpòtan pou kominote yo ki konn limite nan aksyon yo oswa ki pa gen lòt opsyon pou jwenn koreksyon ak redisyon kont pou domaj yo sibi akoz de envestisman entènasyonal.



Fòs yon kominote ki òganize

Akoz kominote a òganize, sa te enpòtan anpil nan siksè Kolektif la. Lè Kolektif la te vin kote MICI, BID ak Gouvènman ayisyen, yo te prezante yon istwa ki klè, fasil pou konprann epi demann yo te konkrè. Yo te sipòte istwa yo ak done epi yo te an mezi pou byen prezante jistifikasyon pou demann yo. Yo te franchi plizyè etap pou jwenn plis sipò toujou nan men kominote a epi redui konfli sosyal yo. Sa te vin bay

Kolektif la otorite ak kredibilité lè y ap pale nan non peyizan yo ak fanmi yo.

Jefò pou òganize kominote a te rive lwen, li te global epi vrèman konplèks akoz kontèks komunikasyon yo ki limite. Men li difisil pou nou ta rive rakonte istwa sa san manke moso nan dokiman sa a, nou rete plis sou kèk aspè nan istwa sa a nan pwochen paj yo.

“

Lè m te wè jan lavi a te chanje pou nou, nou te fè yon rankont an 2014. Nou menm kòm peyizan. Nou gade jan ptit nou yo ap viv kounya, nou te di Pak Endistriyèl la te dwe ede nou, men kondisyon lavi nou vin pi mal...konsa nou te deside kreye Kolektif Peyizan Viktim Tè Chabè, nou te rasanble ansanm, nou vote pou chanjman, nou te di nou pa ka rete konsa, nou dwe pale pou revandike dwa ak devwa nou.

- Jocelyn Prévil, youn nan lidè Kolektif la

”



Nan mitan chak rankont dyalòg yo, Komite a reyini regilyèman pou diskite epi devlope estrateji pou negosyasyon yo

Yon reprezantasyon ki fò epi divèsifye

Apati mwa Avril 2014, ak sipò òganizasyon sosyete sivil ki rele Action pour la Reforestation et la Défense de l'Environnement (AREDE), peyizan yo te rasanble an gwoup pou pataje esperyans yo, pou ansanm yo idantifye erè ki te pase nan pwoesisis relokalizasyon an, epi planifiey estrateji yo pou mande koreksyon. Pandan rankont sa yo, peyizan yo deside mete tèt yo ansanm pou fòme yon kolektif ki pote non Kolektif Peyizan Viktim Tè Chabè. Nan eleksyon yo chwazi yon komite ki gen 10 moun ki soti nan mitan manm yo ki pote non Komite.

Kolektif la te chwazi lidè ki abite nan tout lokalite kle ki te afekte akoz PEK la, konsa

chak lidè kapab mobilize manm ki abite pi prè li pandan l ap itilize metòd ki appropriye a lokalite a (telefòn, pòt a pòt, anons nan legliz, elatriye). Lidè yo te chwazi nan eleksyon yo gen de karakteristik diferan nan laj yo, nivo edikasyon yo, si yo se fanm oswa gason ak sitiayson diferan pou rasire yo tout kalite bezwen ak enterè Kolektif la genyen.

Komite a fè rankont chak 2 semenn pou devlope epi aplike estrateji, avèk sipò konseye li yo. Komite a òganize rankont ak tout Kolektif la chak youn oswa 2 mwa pou resevwa reyakson yo sou estrateji a epi bay yo enfòmasyon sou pwogrè ki fèt nan pwoesisis la.



Komite a te jwenn sipò konseye li yo pandan chak dyalòg yo t ap patisipe

Redui dezekilib pouvwa ki genyen an – yon “estrateji men kontre”

Lè y ap pran desizyon pou chache koreksyon, Kolektif la te konn manke konfyans sou chans pou yo jwenn rezulta pou sa y ap chache a. Yo te konnen yo pa gen menm pouvwa ak lòt aktè pou yo rive kontrekare aksyon BID ak pwòp Gouvènman peyi pa yo. Youn nan manm yo dekri estrateji sa kòm “rèv yon moun ki fou”.

Pou pran an kont dezekilib pouvwa sa, Kolektif la te pran desizyon pou fè men kontre ak de konseye sou plan nasyonal ak entènasyonal. Konseye sa yo pote de espètiz espesifik: nan òganize kominote (AREDE), fè rechèch ak kanpay

pledwaye (ActionAid Haiti), epi sou pwoesisis rezolisyon konfli ak pote plent (Accountability Counsel). Konseye sa yo te an mezi tou pou founi je gade epi analize dokiman pwojè yo, epi fè preyokipasyon Komite a rive jwenn moun ki ka deside yo ki pa fasil pou Kolektif la gen aksè a yo menm akoz baryè lang ak lòt baryè.

Menm si konseye yo te jwe yon wòl enpòtan nan sipòte yo, Komite a te rete premye avoka ki t ap defann Kolektif la. Pandan dyalòg la, se prèske sèlman Komite a ki pale nan non Kolektif la.

Jefò pou redui konfli sosyal yo

Komite a ak Kolektif la te toujou konnen nan chache koreksyon nan non peyizan, te gen ris pou gen konfli sosyal nan 2 nivo: nan mitan Kolektif la, akoz manm yo pa gen menm bezwen ni menm enterè; epi nan mitan tout rès kominote a, paske gen lòt gwoup ki te afekte akoz PEK la men ki pa t antre nan estrateji Kolektif la.

Nan lide pou redui ris konfli yo, yo te pran mezi sa yo:

- Nan mitan Kolektif la, yo kreye de komite ki swa antisipe oswa pote repons a konfli ki egziste oswa ki ka rive nan mitan manm yo. Komite sa yo la pou diskite sou pwoblèm yo epi fè rekòmandasyon pou

gen plis relasyon san fòs kote nan mitan Kolektif la.

Nan mitan rès kominote a, Komite a ak AREDE fè de kanpay sansibilizasyon ak sosyalizasyon avan menm yo te depoze plent la. Yo rankontre ak òganizasyon kominotè, lidè politik lokal, lidè reliyion, ougan ak lòt moun pou esplike yo estrateji Kolektif la epi fè kominote a konnen soufrans peyizan yo ap fè fas. Kolektif la te toujou òganize de rankont ouvè, transparan kote nenpòt manm nan kominote a ka patisipe, sof lè gen de egzijans konfidansyalite ki dwe respekte sou yon sijè espesifik.



Akoz Komite a konsilte lòt moun, sa fè yo rive jwenn bon jan sipò nan men kominote a nan devlopman estrateji y ap itilize yo

Devlopman demann yo

Byen bonè lè nou t ap devlope estrateji plent lan, Kolektif la ak patnè lokal yo te fè anpil jefò pou defini demann yo. Se pa yon premye etap ki vrèman nesesè pou kominote ki swete depoze yon plent: yo ka defini demann yo pi devan. Sepandan, akoz Kolektif la te pwopoze yon seri de mezi koreksyon ki te klè, rezonab epi reyalizab, Kolktif la te an mezi prezante agiman solid pou montre se yon bon ide pou òganize yon dyalòg. Akoz demann yo te la depi kòmansman, sa te sèvi tou nan objektif yo ki se tounen youn nan aktè enpòtan nan defini solisyon yo.

Kolektif la te defini demann prensipal yo pandan tout pwosesis konsiltasyon an ki te long anpil. Premyeman, Komite a devlope

yon lis demann li pwopoze pandan li baze sou yon seri rankont li te genyen avèk Kolektif la, entèvyou avèk chèf fanmi epi konsiltasyon avèk òganizasyon kominotè de baz ki nan lokalite a. Aprè sa yo te finalize demann yo nan yon rakont kote 210 manm Kolektif la te preznan. Aprè deba yo, yo itilize estil Iowa-caucus la, kote yo mande patisipan pou montre preferans yo pou chak opsyon epi pou yo gwoupe yo ansanm nan diferan kwen nan sal la. Solisyon ki pa t jwenn twòp sipò te soti nan lis demann final yo.

Yon fwa dyalòg la kòmanse, Komite a evyalye solisyon ki pwopoze yo ansanm ak tout Kolektif la, pou rive fè sa li reyalize de ankèk ak chak kay epi li òganize tou de rankont an gwoup.

Manm Kolektif yo reyini pou tande tout nouvo enfòmasyon Komite a pote pou yo konsènan pwosesis la. Kredi foto: Marilia Leti / ActionAid



Manm komite yo reyini ansanm pou analize enpak PEK la genyen sou anviwonnan an

Enpòtans done yo genyen

Avan e pandan pwosesis plent lan, Kolektif la rasanble enfòmasyon atravè rechèch, ankèt ak kominote a epi entèvyou. Done li resevwa yo ede yo demonstre enpak PEK la epi idantifye bezwen espesifik manm Kolektif la.

Ankèt yo se te de zouti ki gen anpil fòs. Komite a envite tout lòt manm Kolektif la pou partisipe nan lè espesifik. Komite a mande moun ki bezwen èd pou konprann ankèt la vini ak yon manm fanmi li ki konn li oswa yon zanmi, konsa Komite a ka evite patisipe dirèkteman nan ankèt la, sa ki t ap

rann rezulta yo pa fyab. Komite a remake ankèt yo ranfòse relasyon ki genyen ant manm Kolektif yo, ki santi yo enplike epi - yo koute vwa yo - nan pwosesis plent lan.

Se pa t sèlman Kolektif la ki t ap ramnase done. Gouvènman ayisen, ak sipò BID, te rekrite yon konsiltan endependan pou evalye rezulta pwosesis relokalizasyon an. Komite a te itilize pwosesis dyalòg la pou chache plis transparans, epi bay kontribisyon pa l, sou evalyasyon sa a - sa ki te ranfòse evalyasyon an.

Komite a ak konseye li yo ap kontinye ramnase done pou siveye enpak akò a ap genyen.

Enpak

Akò ki te siyen nan mwa desanm 2018 la, reprezante yon konpwomi nan mitan aktè yo. Li pa satisfè tout demann Kolektif la, men se yon akò ki vrèman istorik. Se premye plent fòmèl ki depoze kont yon Bank devlopman entènasyonal ki vin fè gen de mezi koreksyon ki pran an favè kominate ayisyen yo. Pa gen anpil egzanp konsa nan lemonn kote kominate ki deplase vin an mezi pou itilize youn nan mekanis redisyon kont yo pou negosye epi jwenn tè pou ranplase sa yo te pèdi a. Se yon egzanp ki gen anpil fòs ki ka sèvi lòt kominate toupatou nan lemonn.

Akò sa te siyen pou premyeman sipòte peyizan yo ak fanmi yo pou mete kanpe mwayen sibzistans dirab. Li bay chak kay ki gen viktим ladan I opsyon pou gen: tè (opsyon sa limite pou 100 fanmi ki nan nesesite pou sa); ekipman agrikòl modèn ak fòmasyon; sipò pou ti biznis ki vize prensipalman medam yo ak manm ki pi vilnerab nan kominate a; oswa bous etid pou fòmasyon pwofesyonèl. Li bay chak kay opòtinite pou jwenn yon travay nan PEK la.

BID te pran angajman tou pou li kontinye travay pou amelyore jesyon enpak anviwonmantal ak sosyal PEK la, ladan yo, jesyon fatra solid yo, tretman dlo ki fin itilize yo epi amelyore enplikasyon kominate a.

Akò sa te komanse egzekite nan mwa Fevriye 2019. Menm si gen yon pati tou piti nan benefis ki nan akò a ki reyalize (pou rive jiska mwa Oktòb 2019), an jeneral pwosesis egzekisyon yo avanse pi dousman pase jan nou te swete li. Patikilyèman nan kantite moun ki benefisyé travay nan PEK la ki vrèman ba, kote gen anpil fanmi ki refize patisipe jan sa te prevwa nan akò a akòz mank konfyans nan pwosesis sa a. Pou lòt solisyon ki pi enpòtan yo (tè, ekipman, mete kanpe biznis ak bous detid), gen reta nan egzekisyon yo akòz enkapasite ak pwoblèm lojistik nan mitan aktè yo epi akòz deteryorasyon sitiyasyon politik peyi Dayiti an jeneral, sa ki fè vwayaj ak lòt aktivite ki te planifye yo pa ka fèt pandan yon bon bout tan. Malgre defi sa yo, tout aktè yo sanble rete kole ak angajman yo te pran pou egzekisyon yo epi kontinye ap avanse avèk sipò MICI.

“ Si nou jwenn sa yo pwomèt nou yo, lavi nou ap amelyore. Si nou gen tè, nou ka travay li, konsa n ap ka gen menm mwayen sibzistans nou te genyen avan an.

Yo te di anpil bèl bagay ki poko reyalize.

- Espwa ak preyokipasyon plizyè manm nan Kolektif la

”

Yon pitit fi peyizan ki te deplase yo



“

Akò sa pote plis espwa pou nou pou avni nou. Sa pa vle di nou jwenn tout sa nou te bezwen, men prensipal pati ki nan akò a pèmèt kreye plis konfyans, gen plis espwa pou tan k ap vini yo. Youn nan bagay ki pi enpòtan kounya se aplike tout sa ki di nan akò a. N egosyasyon pou rive jwenn akò sa se premye etap la men sa k pi enpòtan an se aplike akò a nan yon fason l ap pote amelyore lavi moun yo. Se yon akò ki ap gen anpil fòs si tout aktè yo byen mete tout bagay an aplikasyon - si yo aterisitiyasyon moun yo ap ameloyore

- Eva Jean Baptiste, youn nan lidè nan Kolektif la

”



Jean Lucien, youn nan lidè nan Kolektif la



Rankont dyalòg ak preparasyon yo te yon gwo fado sou do Komite a

Defi

Menm si yo te jwenn siksè ak estrateji dyalòg la nan plizyè fason, men gen de moman li te difisil anpil. Komite a te idantifye defi sa yo ki te gen anpil enpòtans pou yo:

1. Nan kòmansma, pwosesis negosyasyon yo te entimidant, espesyalman lè nou konsidere pwa chak aktè yo gen nan balans lan. Manm Komite yo te strese parapò a jan yo panse rezantant Bank lan ak Leta yo t ap trete yo. Akoz prezans konseye yo presyon an te yon jan bese

sou yo epi tou akoz travay ranfòsman kapasite yo te fè ansam avan dyalòg la kòmanse. Plis tan an ap pase plis Komite a devlope plis konfyans nan tèt li.

2. Komite a non sèlman te gen defi pou li negosye pi bon solisyon yo kapab, men tou solisyon sa yo dwe konble atant Kolektif la. Sa pa t fasil pou rive fèt. Pou rezon sa a, Komite a te organize yon “rankont validasyon” nan fen negosyasyon yo pou rasire li jwenn sipò Kolektif la avan yo siyen akò.

3. Pou Komite a ak Kolektif la, siksè akò a depann de dirabilite solisyon ki ladan I yo. Menm si Komite a ak konseye li yo te kontakte de espè kote sa posib, gen de kesyon ki toujou ap poze pou konnen si akò a ap rive restore yon fason ki dirab mwayen sibzistans yo. Yon siveyans djanm sou aplikasyon solisyon yo ap enpòtan anpil.

4. Pwosesis dyalòg la ak tout seyans preparasyon epi konsiltasyon te pran anpil tan. Manm Komite yo menm te

twouve yo nan sitiyasyon ekonomik difisil: yo menm tou yo te pèdi tè. Pafwa li te difisil pou balanse tout sa pwosesis dyalòg la mande ak bezwen ekonomik epi lòt bezwen pwòp fanmi manm Komite yo genyen.

Malgré defi say o, Komite a te kwè nan pwosesis la epi pouvwa li genyen pou pote yon solisyon a mal kominote pa yo a t ap viv la. Men ak lespta yo te genyen, yo te gen pouvwa.

Yon manm nan Kolektif la ki pral resevwa tè parapò ak akò ki te siyen nan mwa Desanm 2018



Kiyès nou ye

Accountability Counsel: se yon òganizasyon mondal ki pa la pou fè lajan ki ap sipòte kominote yo pou itilize biwo redisyon kont ki egziste pou defann dwa yo epi jwenn reparasyon pou domaj pwojè ki jwenn finansman entènasyonal koze sou yo
www.accountabilitycounsel.org

ActionAid Haiti: Nan peyi Dayiti li se reprezantan Action Aid, ki se yon mouvman mondal moun k ap travay ansanm pou fè respeke dwa moun epi batay kont lamizè
<https://haiti.actionaid.org/>

Kolektif Peyizan Viktim Tè Chabè: se yon kolektif fanmi viktim yo te pran tè yo te konn fè agrikilti nan Chabè pou prepare konstriksyon Pak endistriyèl Karakòl

Action pour la Reforestation et la Défense de l'Environnement (AREDE): se yon òganizasyon sosyete sivil ki nan Nòdès peyi Dayiti k ap travay pou pwoteje anviwonnan epi lite kont esklizyon, lamizè ak kont pratik akapare tè peyizan

